

**Laboratwa fizik – Esperimantasyon #x**  
**Plan Leson**

**Sijè:** Transfòmasyon enèji

**Dat:** 25 Mas 2014

**Etidyan:** Premye ane

**Kantite tan n ap bezwen:** 2 è

<u>Objektif aprantisaj la (OA)</u>	<ol style="list-style-type: none"> <li>1. Idantifye twa fòm enèji sou yon boul k ap woule desann sou yon pis           <ol style="list-style-type: none"> <li>a. Potansyèl</li> <li>b. Translasyon sinetik</li> <li>c. Wotasyon sinetik</li> </ol> </li>   <li>2. Aplike lwa fizik pou predi deplasman boul la</li>   <li>3. Mezire, analize, epi kategorize done yo</li>   <li>4. Teste de teyori ki an konfli konsènan enèji sou yon pant enkline</li>   <li>5. Pwopoze yon fason sistèm sa a kapab ede nan rezoud pwoblèm enèji</li> </ol>
Matyè pwofesè a pral anseye:	OA #1-5 : (Transfòmasyon enèji – Etidye enèji potansyèl, translasyon sinetik, wotasyon sinetik Moman inèsi – Aplike konsèp kò rijid pou kalkile moman inèsi yon boul Mouvman pwojektil – Revize konsèp deplasman orizontal yon pwojektil)
Aktivite aprantisaj: (egzanp: similasyon sou òdinatè, kou, travay an gwoup, eks.)	Konstriksyon – bati ekipman laboratwa  QA #1, 2, 3 : Aktivite dekovèt – itilize yon pis enkline ak yon boul pou esperimante sou transfòmasyon enèji  QA#4 : Envestigasyon – predi deplasman orizontal la pou chak espresyon enèji ki an konfli yo epi teste yo nan esperimantasyon an  QA#5 : Brase lide (an gwoup) apre lab – Ekri yon ti refleksyon nan yon minit pou pwopoze kouman sistèm lan ka ede nan rezoud pwoblèm enèji

Resous:  (egzanp: lojisyèl, feyè, eks.)	<p>Manyèl laboratwa fizik MIT-Ayiti sou etid mekanik la</p> <p>Mab, woulobi</p> <p>Yon pis enkline : twa moso planch (2X1''), ti chanyè pòt, tiyo kawòtchou</p> <p>Mezi : mèt, riban, papye blan, papye dekalkè, nivo, filaplon</p> <p>Teknoloji : kalkilatris, lojisyèl Excel</p>
Evalyasyon:  (egzanp: kesyon egzamen, ti egzamen tou kout (egzamen plòp plòp), prezantasyon, eks.)	<p><b>Kesyonè anvan lab</b> – pou tcheke nivo konpreyansyon, aplikasyon, ak analiz – mande etidyan yo pou yo ranpli yon kesyonè ki baze sou revizyon etid sinematik ak enèji mekanik – kon sa, mande yo derive espresyon vitès boul la nan divès wotè, epi espresyon deplasman orizontal boul la apre li fin kite pis la – wè kouman yo ka analize epi aplike espresyon yo derive a nan lòt sitiyasyon</p> <p>OA #1, 2, 3, 4 : <b>Rapò lab</b> – etidyan yo ap rapòte mezi, trase dyagram, derive espresyon, rezoud pwoblèm, predi konpòtman, teste epi separe metòd.</p> <p>OA #5 : <b>Kesyonè apre lab</b> – Yon ti refleksyon nan yon minit – etidyan yo ap bay opinyon, pwopoze amelyorasyon pratik nan pwodiksyon enèji.</p>

Nòt / Kòmantè: Nou asime etidyan yo deja kouvri tout konsèp sinematik yo epi yo fèk kòmanse nan konsèp enèji yo.

8-9-2013

Prof: Paul Belony